

Makna Kurban Dalam Kehidupan

Samsul Ma'arif, [S.Th.I.](#), M.S.I.
Penyuluh Agama Kemantren Gedongtengen

اللَّهُ أَكْبَرُ (×3) اللَّهُ أَكْبَرُ (×3) اللَّهُ أَكْبَرُ (×3) اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا
وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَاللَّهُ الْحَمْدُ

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي جَعَلَ لِلْمُسْلِمِينَ عِيدَ الْفِطْرِ بَعْدَ صِيَامِ رَمَضَانَ وَعِيدَ الْأَضْحَى بَعْدَ
يَوْمِ عَرَفَةَ. اللَّهُ أَكْبَرُ (×3) أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ لَهُ الْمَلِكُ
الْعَظِيمُ الْأَكْبَرُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا
مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الَّذِينَ أَذْهَبَ عَنْهُمْ الرَّجْسَ وَطَهَّرَ

أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا الْإِخْوَانُ، أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ،
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ، بِسْمِ اللَّهِ
الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ: إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ. فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ. إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ
صَدَقَ اللَّهُ الْعَظِيمُ.

Kaum Muslimîn dan Muslimat Rahimakumullah

Ing ndalem suasana bebungah ngrayakaken dinten riyadin 'Idul Adha 1446 H, kito sami wangsul kempal sareng-sareng ing papan meniko melantunkan takbir lan tahmid dados ungkapan raos syukur soho matur nuwun kito wonten ngarso dalem Allah SWT, kito ngagungkaken lan muji asma Allah, pengeran ingkang Moho Agung lagi Moho pengasih lan Moho Penyayang.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ، وَاللَّهُ الْحَمْدُ

Kelawan menghayati kalimat takbir lan tahmid meniko, kito sedoyo ngraosaken bilih kito niki alit, kerdil lan lemah sanget dados manungso naliko ningali kebesaran soho kekuasaanipun Allah SWT.

Mila ing kesempatan meniko sumonggo kito tingkataken taqwa lan ketaatan kito dhateng Allah ta'ala kaliyan senantiasa ngelampahi perintah-ipun, soho nilaraken sedoyo larangan-ipun.

Mekaten ugi, sedoyo arogansi kesombongan, kepongahan, ketakaburan, jabatan, kedudukan lan banda, sumonggo kito sisihaken, amargi sedoyonipun semu mboten abadi, sami kaliyan kefanaán semesta alam meniko.

Kaum muslimîn lan muslimat rahimakumullah

Dinten meniko kito ngemut-emut peristiwa sejarah ingkang agung nglibataken kalih tiyang Rasulallah ingkang tetep dikenang sepanjang jaman.

Kala Nabi Ismail a.s sampun umur remaja, sang bapa, inggih meniko Nabi Ibrahim a.s, angsal perintah langsung saking Allah lewat mimpi bilih piyambakipun kedah mengurbankan Ismail putro kesayanganipun.

Tamtu, wonten konflik batin ingkang bergejolak ing dhiri Nabi Ibrahim antawis katresnan dhateng putro lan ketaatan ngelampahi perintah Allah SWT. Nanging, tresnanipun dhateng Allah langkung ageng tinimbang tresnanipun dhateng putro, garwo, bondo lan materi donyo sanesipun.

Kangge nglampahaken perintah Allah, Nabi Ibrahim a.s ngajak putronipun musyawarah dados wujud komunikasi antawis sang bapa kaliyan putro. Hal meniko dalam rangka mbina ikatan batin welas asih, ketaatan lan kepatuhan. Dialog meniko dipun serat dhateng Al Qur'an kelawan tembung ingkang indah sanget:

يَا بُنَيَّ إِنِّي أَرَىٰ فِي الْمَنَامِ أَنِّي أَذْبَحُكَ فَانْظُرْ مَاذَا تَرَىٰ

“Hai anakku sabenero aku weruh jero ngimpi menawa aku menyembelihmu. Mula fikirkanlah apa pendapatmu!”

“wahai lare kandungipun kulo, sibiran balung cahya mripat lan buah pamanah kulo! Saestunipun bapa sumerep lebet supena menawi kulo badhe menyembelihipun sampeyan. mila pamanahaken lah menopo ingkang badhe dados keputusanmu”.

Ismail dados lare ingkang soleh, patuh lan taat dhateng tiyang sepuh ingkang sampun ngedalaken lan ngerumat piyambaipun, mangsuli:

يَا أَبَتِ افْعَلْ مَا تُؤْمَرُ سَتَجِدُنِي إِن شَاءَ اللَّهُ مِنَ الصَّابِرِينَ

“Wahai Bapaku, estokaken menopo ingkang sampun Allah perintah dhateng panjenengan. Insya Allah, panjenengan bakal ningali piyambak bilih kulo termasuk golongan tiyang-tiyang kang sabar.” (QS. Ash Shoffat: 102)

Lebeting peristiwa ingkang mengharukan sanget lan ing detik-detik ingkang dramatis meniko, ndadak Allah nebus Ismail kaliyan setunggal mendo ageng ingkang dipunbekta dening malaikat:

وَفَدَيْنَاهُ بِذَبْحٍ عَظِيمٍ

“Lan kito tebus dheweke yaiku Ismail karo siji sembelihan kang gedhe”. (QS. Ash Shoffat: 107)

Kaum muslimîn lan muslimat rahimakumullah

Menurut naluri lan pikiran tiyang lumrah, menopo ingkang dipun-gelar Nabi Ibrahim as. ing lebet ing panggung sejarah manungso inggih meniko perkawis ingkang susah sanget dipuntampi; ananging kagem keluargo Nabi Ibrahim as. hal meniko termasuk setunggaling kewajiban kangge dipunlampahaken.

Sikap kados meniko lah ingkang nunjuk-aken jati dhiri Nabi Ibrahim as. sehinggo dianugerahi dening Allah dados al Khalil, Imam, teladan lan idola. Kehormatan kasebat mboten mungkin dipun-gayuh tanpo dipundampingi dening garwo ingkang salihah lan putro ingkang saleh.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ، وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

Kaum muslimin muslimat, rahimakumullah

Qurban disyariatkan kangge ngemutaken manungso bilih jalan tumuju kebahagiaan mbetahaken pengobanan lan keikhlasan. Sifat-sifat kebinatangan ingkang sering nguasai badan kito kedah ditunduk-aken soho dipunbucal tebih-tebih. Hikmah meniko lah ingkang dipunwucal lebet ing berqurban, kados lebet Firman Allah SWT. QS. al-Hajj 37:

لَنْ يَنَالَ اللَّهُ لُحُومُهَا وَلَا دِمَاؤُهَا وَلَكِنْ يَنَالُهُ التَّقْوَىٰ مِنْكُمْ ۚ كَذَٰلِكَ سَخَّرَهَا لَكُمْ لِتُكَبِّرُوا اللَّهَ عَلَىٰ مَا هَدَاكُمْ ۖ وَبَشِّرِ الْمُحْسِنِينَ

“Daging-daging unto lan getihe iku sapisan-pisan ora biso nggayuh (keridhaan) Allah, nanging ketakwaan soko dhewekelah kang biso nggayuh. Mengkonolah Allah wis

nundukno kanggo siro supoyo siro ngagungke Allah karo hidayah-e marang siro. Lan wenehono kabar seneng marang wong-wong kang tumindak apik.” (QS. al-Hajj: 37)

Mugi-mugi, kito sami saged mendhet wucalan saking peristiwa Nabi Ibrahim lan Nabi Ismail ‘alaihimasalam soho dipunparingi kemampuan kangge saged nglampahaken kurban ing warsa meniko utawi ing tahun-tahun salajengipun. Amiin.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنْ آيَةٍ وَذِكْرِ الْحَكِيمِ
وَتَقَبَّلَ اللَّهُ مِنَّا وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ وَإِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ، وَأَقُولُ قَوْلِي هَذَا فَاسْتَغْفِرُ اللَّهَ
الْعَظِيمَ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH IDUL ADHA KEDUA

اللَّهُ أَكْبَرُ (×3) اللَّهُ أَكْبَرُ (×4) اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ
بُكْرَةً وَأَصِيلًا، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ
وَاللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الدَّاعِيَ إِلَى
رِضْوَانِهِ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ وَسَلِّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا

أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ وَانْتَهُوا عَمَّا نَهَى وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ
بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَثَنَى بِمَلَأَ بِكِتَابِهِ بِقُدْسِهِ وَقَالَ تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتُهُ يُصَلُّونَ
عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ
وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ.
وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ،
إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ
اللَّهُمَّ أَعِزَّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ الشُّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَأَنْصُرْ عِبَادَكَ الْمُوَحِّدِيَّةَ

وَأَنْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ وَ دَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَاعْلِ
كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ

اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا
وَمَا بَطَنَ عَنْ بَلَدِنَا إِنْدُونِيسِيَّا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ
الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا
أَنْفُسَنَا وَإِنْ لَمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ

عباد الله: إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَىٰ عَنِ الْفَحْشَاءِ
وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ ۚ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى
نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ، وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ